Nomer 6 Salasa 10 Augustus 1926 (30 Moeharam 1345) Taoen ka .

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

Artos langganan Sipatahoenan kwartaal ka III tahoen 1926 enggal kintoenkeun. Sanget panoehoen oelah lepat!

## Artos derma.

Schoolfonds H. I. S Pasoendan Tasikmalaja parantos nampi derma ti N. n. di Garoet f 40. Noehoen! Saha deui.?

## Pamanggihna Mr. Hoogstraten tina hal padjeg Provincie noe 10% di Regt. s Raad Bogor

Sanggeus matja notulen Djoer. Voorzitter ngadjak ngabadamikeun soepaja raad njanggakeun ka panoedjoean ka Provinciale raad tina hal poetoesan noeroenkeun padjeg opcenten.

Sanadjan waktoe ieu meh koe oenggal Gemeente diprotes oge ka Pamarentah, lantaran R. R. ngingetkeun eta padjeg toeroen pikeun wewengkon kaboptaten.

**Djoer. Moetalib:** Sanaos toeroen pikeun oerang kabopaten oge, nanging keur noe njitjingan Gemeente mah ngabeuratkeun. Padjeg kanggo R. R. mah ongkoh koe Pamarentah eukeur divoorstel bade ditoeroenkeun tina inkomstenbelasting s. st. Koe pamendak, katrangananana sareng dibareumpagkeunana di P. R., kirang tjekap dongkap ka teu tiasa gadoeh pamandangan kedah koemaha moetoesna, koemargi eta djisim koering teu tiasa ngiring kana kersana Djoer. Voorzitter.

**Mr Hoogstraten** njaritakeun koemaha djalanna eta opcenten nepi ka ditjaritakeun di R. R.

Pikeun noe tatjan terang, koering nerangkeun, jen Goepernoer Pasoendan make djalan Resident, moendoet ka Regent, soepaja dibadamikeun di Raad Kabopaten, koemaha pamanggihna Regt. raad, sarta ditetelakeun dina soerat, kapalajna Gouverneur teh, nja eta senang temen moen Regt. Raad njanggakeun kapanoedjoean ka Prov. Raad.

Lantaran oerang njaho jen bopati teh ngaoelą ka Gouverneur, tjeuk emoetan pikiranana noe djadi bopati lebah dieu, dina Raad kabopaten henteu merdika.

Ari raad kabopaten teh kakara ngadegna, leden raad kabopaten dina roepa-roepa hal oelah noeroetkeun pahamanana (pikiranana) noe djadi voorzitter.

Koe lantaran eta, leden teh boga hak njoehoenkeun soepaja pahamanana noe djadi voorzitter, oelah tergantoeng ka noe djadi doenoenganana,

Aja hampoeraeunana, lamoen eta pamenta teh datangna ti Provinciale raad atawa ti rengrengan Gedeputeerden ka Raadkabopaten, saboetoehna ngan ka voorzitter tina eta raad woengkoel.

Ari ajeuna djolna ti Gouverneur ka bawahanana nja eta bopati, tjeuk koering mah ngaroeksak kana pahamanana noe djadi bopati, achirna mamawa ka noe djadi lid Regt. Raad; ongkoh pibaringeun, soepaja ka hareup hal noe sakitoe tjawadeunana oelah kadjadian deui.

Ka doea Mr. Hoogstraten nerangkeun koemaha dipoetoesna eta hal, di Provinciale raad, sanadjan didjalankeunana dina 1 Januari 1927 oge. Koe noe saeutik (noe teu moepakat) dipenta soepaja ieu hal dipoendoerkeun ngabadamikeunana, tapi koe noe rea (noe moepakat) ditolak.

Ka tiloe tjarek Mr. Hoogstraten: Dina katrangananana kadjoeroeng koe hajang madjeg, tatapi teu ngingetkeun kaseunggahan noe sedjen.

Koe ieu poetoesan, gemeente djadi kabaoed kapadjeg koe Provincie, bareto teu kabaoed kana majar padjeg gewest, tapi meunang toendjangan ti nagara, oepama aja gawe gede, ajeuna noe di gemeente koedoe majar padjeg ka Provincie, engke ari aja gawe gede baris menta ditoendjang ka Provincie.

Koe toean Hoogstraten diterangkeun make angka taoen 1925, jen opcenten noe dipoengoet koe Gemeente bakal leuwih rea batan koe Regt. schap.

Poengoetan opcenten Regentschap, noe sakitoe saeutikna, hamo bisa bari noeloeng ka gemeente, djalan koemaha bae direct of indirect, sabab gemeente teh djadina toeloengeun Regentschap, lantaran tatjan tangtoe naha enja bakal ngahampangkeun eta atoeran teh ka Kabopaten saperti djigana.

Oelah dikira eta atoeran bakal ngentengkeun kana padjeg komo moen ngingetkeun tjarek Pamarentah noe tjikeneh djangdji bakal noeroenkeun padjeg, babakoena keur oerang Priboemi, Regentschap oge koedoe sina kabawa katoeroenkeun tina padjegna; eta poetoesan kirang katrangananana, oerang teu boga pamandangan, komo make oedjoeg - oedjoeg nganoehoenkeun mah.

Koe lantaran kitoe Mr. Hoogstraten voorstel soepaja R. R Bogor teu bisa nganggap kana poetoesan Provinciale-opcenten, lantaran:

Ka hidji eta atoeran ditjawadna koe Regentschapsraad;

Ka doea djalanna koemaha didjadikeunana eta poetoesan;

Ka tiloe teu tjoekoep katrangananana.

Voorzitter ngadjawab ka noe ngabarantah, babakoena ka Mr. Hoogstraten, jen noe djadi bopati oge saroea bae dina sagala hal ngararampana djeung leden R. R. Pikeun ngoeroes perkara Kabopaten, toendjangan noe ti loehoer teu tiasa diitjalkeun, kitoe deui kapalajna Gouverneur teu tiasa ditolak.

Kitoe deui koe lantaran eta hal geus dipoetoes, sanadjan koemaha koemaha oge aja pisan alesanana pikeun njanggakeun kapanoedjoean, soepaja koe pangagoeng kaoeninga. jen R. R. mah sabalikna ti gemeente noe ngabantah, koe emoetan, oepama enja tea mah poengoetan gemeente baris rea, malah mandar bae aja hasilna pikeun noe aja di loear Gemeente.

Mr. Hoogstraten nerangkeun deui, babakoena nerangkeun jen doeneengan R. R. teh Rengrengan Gedeputeerden, Regent mah teu djadi bawahanana, soepaja kanjahoan koemaha dibadamikeunana eta hal di ieu raad; geus kitoe vergadering di toenda satoetasna toeloej distem voorstelna toean Hoogstraten teh ahirna ditarima make 14 soeara roedjoek 10 henteu.

## RENTEN PAKGADE.

Noe mawi ngadamel ieu karangan roepi-roepi noe djadi margi. Saperkawis koe kageuing koe wintjikan (etangan) bab renten pagadean dina almenak taoen 1926, kalihna sok emoet ka noe laleutik sakoemaha pirepoteunana, ka tiloe perkawis sok djadi oen de kerinnering (tamiang meulit kabitis), ka nōe parantos ngaranapan.

Masianan sapertos anoe baleunghar taja panginten aja noe radjeun „beladjar kenal" sareng Bapagede, margi dina sagala roepi oge, sok niiik koemaha boeloe atanapi koemaha tjangkang, oepami sipatna kitoe saperti noe tjaroekoep. laloeis, tjaleunghar parantes karewes, bangoen taja kakeueung, tangtos di boemina oge soegema, ngaheuang ngahening, hamo aja karingrang. Atoeh oepami bae anoe ginding laloeis henteu sapertos pa njangka tea, manawi „maling taksiran" tea hekoemanana.

Ieu perkawis sajaktosna sanes ngabaladah ajeuna mah margi barang tjb. Pasoendan Tjiandjoer sareng pagoejoeban noe sanes (Indonesische Studieclub) parantos ngedalkeun ieu kaabotan (bab renten). bet teu mangkoek doea sasih bet bet bedja, boh pamarentah di Nagri, boh noe di dieu (geuraheun make emoet)!!! karagoengan manah lalamoenan bade ngirangan ngarobah ieu atoeran, nanging doeka iraha-irahana. Sok komo moen jaktos kadjadian, tjatjakan nembe koe aja manah kitoe oge, parantos hoream nganoehoenkeunana.

Paingan saoer para Kiai: „Para Malaikat teh ari kana kereteg manoesa pikeun ngalampahkeun kahadean mah goera-giroe pisan noeliskeunana, henteu tjara tekad goreng, sok diapi la inkeun, api-api teu kadenge, teu kanjahoan".

Tjing atoeh oerang oge koedoe kitoe, kedah boerne-boeroe ajeuna tjatetkeun manah Pamarentah anoe sakitoe oetamana.

Sanadjan parantos aja galagatna kitoe oge, koe emoetan maksoed oerang oelah ditoenda, nanging kedah dibedasan. malah mandar djadi pangdjoeroeng kana enggal kadjadianana, oelah ngan djadi toedoeh apoeng bae.

Oepami ngemoetkeun kana ajana pagadean ti ngawitan diboeka (ditjepeng koe Goep-) taoen 1906 asana, (margi harita djis. koering mah inget inget poho nembe galak sinoongnong, nembe loeas-loeis soemedeng resep ka noe loetjar-leutjir), dongkap ka ajeuna estoe madjeng pisan, malah koe djrg. E. Nittel mah Chef anoe parantos soemeren djadi kamegahan dileseunglesengkeun. Henteu dimanah jen beuki seueur pagadean teh beunang dipake tjiri beuki awon economieua oerang priboemi. Da moestahil ngaboetang ari teu soesah mah.

Maksoedna Pamarentah ngajakeun pakgade teh aja 2 roepa (doeka mana noe nomer hidjina) saperkawis pikeun nambah kahasilan nagara saeutik-eutikeun, katiloea pikeun noeloeng ka abdi-abdi anoe boetoeh, nalang ka noe hajang. Ari eta mah aja kasaoeran toean Nittel: „En vaak ook om een behoorlijke bewaarplaats voor hunne goederen te hebben, wijl de veiligheid in de dessa en kampongs meermalen te wenschen overlaat" djisim koering mah teu pertjaja, koe moal aja kadjadian kitoe teh, tapi doeka ari di oerang Europa mah.

Oepami keur noeloeng tea ajana pakgade teh, tjing atoeh sina sampoerna noeloengna, anoe teu matak ngaroegikeun ka ditoe (Goepernemen) teu njerot teuing ka noe leutik, sing saroea meunangna.

Geura mangga manahan, ari noe leutik mah boetoeh teh sanes boetoeh keur kana circus atanapi kana karojalan anoe sanes, namoeng kaseu seueuranana didagoan koe seeng njengsreng. Nja aja oge anoe mahiwal ti eta, nja eta dipake karojalan noe sanes pikeun kana bioscoop tea, atawa kitoe tea kieu tea, eta mah itoeng mintjoolakna moal pati sakoemaha seueurna. Babakoena anoe boetoeh sangoeeun atawa dahareun mah kaseueueuranana sakoer eta bae noe ngagadekeun ketip-ketip atawa perak hidji, atawa perak doea. Ari eta mah anoe ngagadekeun poeloehan perak kalolobaananana ngan pikeun ngalioerlioer, ngolotkeun itoe, ngangorakeun ieu, atawa kaperloean djaba ti eta. Tapi ari dina tarief renteu bet sabalikna. Ari noe perloe dientengan nja eta anoe ngindjeumkeun kaperloean saari-ari tea djadi beurat, tapi ari pikeun luxe (nja sasat karojalan kitoeh) rada enteng meueusan. Bet asa pabalik-belah.

Tjontona.

1. Noe ngagadekeun f 0.30 rentenna dina 3 boelan 90 p. 9 cent, djadi dina sataoen 4 × 9ct = 36ct. djadi 120% (ngan?)

2 Gadean f 1,20 rentenna dina 3 boelan 36cent, dina sataoen 4 × 36ct. = f 1,44 96%.

3. Gadean f 4.20 dina 3 boelan f 0.90 sataoen f 3.60 ± 86%.

Bener pisan renten ngan ditarik dina waktoe 90 poë, sarta lilana mah 5 boelan, tapi dina palebah dieu oerang oelah lali jen loba oge anoe neboes dina kapalangna. Saperti anoe kakara 12 poë diitoeng 20 poë, anoe kakara djamdjaman oge diitoeng 10 poë. Tina itoengan % bieu teu tangtoe aja koerangna tapi moal sabaraha sabab kaboetoeh koe kadjadian noe tjikeneh

Dina tarief noe ka II mah (B) aja meueueusan.

Gadean f 50 rentenna dina 6 boelan f 15 dina sataoen f 30 djadi 60%.

Gadean f 26 rentenna dina 6 boelan f 6.50 dina sataoen f 13 djadi 50%.

Sarta tarif ieu mah ari leuwih ti 5 poë mah, rentenna teh dietang dintenan, henteu sapertos noe tadi didjedjeg-djedjegkeun kana 10 dinten.

Tah sakitoe tapaoetna. Euker mah eukeur noe ngagaradekeun leuleutikan teh djelema anoe katjida saroesahna katoeroeg-toeroeg majarna renten leuwih mahal ti batan noe rada bareunta, atoeh noe titirah ngadon kantjeuh teu aja mendingna. Meueus leuheung oepami tiasa neboesan teu pati sakoemaha teuing aja keneh gahel-gaheleunana tjek babasan mah, koemaha ari lapoer mah, parantos teu aja siroeaneun daoenna.

Oepamina Ki Asta boga totopong beunanang meuli f 3·— toeloej digadekeun, geus oentoeng lamoen ditampa f 1.20 sabab taksiranana moal leuwih ti f 1.60 toeloej lapoer. Djadi roeğina Ki Asta teh moeklis f 1.80 Koemaha tjing djrg.-djrg. di palebah dieu sarsilahna, djis koering mah poëk mongkleng boetarata.

Bener tjenah ari goep. mah teu ngarah sakitoe asal aja renten f 0,36 bae. Da lamoen dilelangkeun pajoe leuwih ti sakitoe mah (f 1·20 + f 0.36) tea, moal dipibanda.

Enja nadjan kitoe koemaha da surplus (paleuleuwih) tatjan bekend pisan ka toekang ngagadekeun teh. Naha rek dikamanakeun lamoen enweuh noe ngarawatan?

Moenggoeh sakoeringeun mah, anggoer tambah bingoeng, hese mikiranana.

Koemargi kitoe pamondak tjb. Pasoendan Tjiandjoer, ajeuna paneda noe sanget ka Pamarentah, soepados renten pakgade ditoeroenkeun sing handap sing enteng karaosna koe noe leutik.

Ti babaheula oge ngan djadi katjapangan woengkoel bade noeroetkeun renten teh, nanging dongkap ka ajeu- (*)

## Ti pipir hawoe.

Kamari ieu dina Poesaka Soenda No. 4 taoen ieu aja noe ngadjak, soepaja ketjap „pribados" boeroe-boeroe dipoegoehkeun.

Naha eta ketjap teh enja bennang dipake ngaganti djelema noe njarita (djisim koering).

Handjakal Gelenjoe, teu njaho basa, ngan noeroetkeun harti sorangan djeung pamanggih (sok kadenge kieu. koe djisim koering pribadi kapanggihna,

Door mij zelf, ik zelf.

Koe djisim koering sorangan kapanggihna.

Ajeuna aja noe ngarang kieu:

Noe mawi **pribados** ngaloearkeun ieu boekoe.

Noe mawi **sorangan** ngaloearkeun ieu boekoe.

Bisa djadi sarasa djeung Gelenjoe jen eta doea omongan teh, **ningnang.**

Noe mawi **zelf** ngaloearkeun ieu boekoe, rek njeboet „abdi" loehoer teuing tjeupna mah, rek njeboet koering kasar, padahal butinna abdi: dienaar (wilajat rahajat), koering (sampeenenen.

Gadoeh baraja ti **pakoeringan,**

Ngiangkeun koeringna 20.

Lamoen di hareupeun djelema rea njeboet „koering" keur noedoehkeun ka dirina noe njarita, eta geus, noedoehkeun karendahanana (dienaar van de toegesprokenen).

Tapi **rea** noe nganggap noe njarita kitoe „djelema kasar" tjenah „hedjo tjokor badag sambel"

Djoeragan Voorzitter djisim koering njarita teh **kawakilan** koe **pakoeringan.**

Eta noe njarita teh koeringna Voorzitter.

Geura kol maranahan!

Gelenjoe.

(*)

na teu atjan prak keneh bae, paribasa ongkosna teu tiasa kabajar.

Ari djisim koering sok teu kaharti sakitoe noe ngoeroesna djelema lain bandrak-bandrakeun ilmoena, kaloearan sakola ieu sakola itoe, nanging ari dina boektina bet kaelehkeun koe bangsa Tionghoa kaom koeno, bet teu tapis ngagilir gilir ongkos.

Geura mangga oepama njandak tanaga moerah mah salaris Dame tarief A. (inheemsch) anoe capaciteitna sami sareng import, djiga moal sakoemaha hamboerna. Sanes djisim koering ngamoemoerah kana tanaga priboemi, da sanadjan ajeuna oge teu aja noe toemarima kana eta kolom teh, ngan eta bae meuteun moal katoetoeh katimpoeh. nja renten gede nja Chef pagawe pinoeh koe noe sanes. Teu sala sahidji.

Sareng teu kahartos oepami ongkos administratie ageung doegi ka renten pagadean teu tiasa ditoeroenkeun. Afdeelingbank noe ongkos administratiena langkoeng ageung margi kedah aja koemitir noe marios ka kampoengkampoeng sareng noe risicona langkoeng ageung, bisa make renten 12% dina sataoen, sarta oentoengna bersih dina sataoen f 40 000 (omzet ± f 2000.000) Ieu noe dianggo tjonto Afdeelingsbank Tasikmalaja. Ari administratie pagadean mah soerat noe dibikeun ka noe ngagadekeun teh moal aja harga sapeser da kertas ipis goreng. tatapi ari soerat balangko Afd. Bank noe dibikeun ka noe ngindjeum mah, aja kana harganana sabenggoleun, da kertasna kandel djeung gede.

Eta manawi aja noe njebat Afd. Bank mah ngindjeumkeunana ageung

ageung bae tara koerang ti f 1.— Ih teu mah kaleresan bae arageung. Da noemoetkeun oendang-oendangna henteu nganggo minimum dina namboet Ageungna artos noe kenging ditamtoet 25% tina harga taksiran tanah noe djadi boreh.

Djadi tjek paripaosna mah noe namboet f 0.50 oge kenging, ngan moal aja, margi moal eunja namboet saeutik-entik teuing henteu satimbang djeung hese tjapena ka noe rek ngindjeum.

Ah ari moengghing tjek koering mah, oepami Pamarentah niat mah bade noeroenkeun renten pagadean teu kedah seueur teuing noe dipikir toeroenkeun bae dapon oelah roegi atawa oentoengna saeutik oge kadjeun karoenja ka noe leutik miskin seuseueurna mah.

**Si Miskin.**

## Ngaroeksak doeit perak.

Djisim koering parantos nampi artos torosan, torosan roepia, torosan tengahan, torosan talen, sareng torosan ketip.

Barang diboeka koe sim koering eta torosan teh: Torosan roepia aja anoe tambal, torosan tengahan aja anoe tambal, torosan talen-ketip oge tarambal. Eta artos anoe 4 roepi, tarambalna sidik oeroet kantjing noe parantos kapendak koe djisim koering, artos roepia sok diparake gagantel erlodji, tengahan-talen ketip sok di parake katjing.

Namoeng kawasna bae, dimana maranehanana parantos kasesekan koe artos, eta si kantjing di doeboet ladjeng dipeserkeun, sanaos eta gagantel sareng kantjing parantos disipoeh oge di saroepakeun sareng emas, kawasna belaan di-ipoeh deui sina bodas.

Doepi ngarakalna soepaja eta gagantel sareng kantjing sangkana lakoe, nja eta di kitoe, ditjampoerkeun kana artos seueur (kana torosan).

Naha eta djalma anoe karitoe anoe ngaroeksak artos koe Pamarentah henteu dilarang?

Emoetan djisim koering djabi ti ngaroeksak teh deui kana eta artos teh dipake ngabolo-lo, djadi eta djalmi, anoe sok marake gagantel anoe didamelna tina artos roepia, anoe sok marake kantjing anoe didaramelna tengahan-talen-sareng ketip kadjaradjadianana eta si gagantel sareng kantjing teh dipake ngabar-bodo.

Djisim koering oerang Toko, mani saban dinten mendakan artos tambal oeroet kantjing moeng saena bae, ari nampi teh, oepami nampi torosan sok di boeka keur aja anoe gadoehna keneh, nja pangesto teu atjan kabobodo.

Koemargi eta Pamarentah, ka soegri anoe sok midamel (marake) gagantel anoe didamelna tina artos roepia, anoe marake kantjing, anoe didaramelna tina artos tengahan talen sareng ketip, disoehoenkeun soepados Pamarentah ngalarang keras.

**A. Endi.**

Tasikmalaja 29 Juli 1926.

## Boekoe oendang-oendang sendjata api.

(Stbl. 1926 No. 499).

Redactie geus narima boekoe noe diseboet bieu, karanganana Djoer. Tresna Adj. Djaksa Tasikmalaja.

Dina ieu boekoe ditjaritakeun: Bab sendjata api, tempona njoehoenkeun pas-pas sendjata api, kawadjiban noe boga pas, bab ngabogaan obat djeung munitie (paralot noe katoet), ngadagangkeun sendjata api, obat djeung munitie, hal larangan meuli, ngabogaan atawa ngadagangkeun, mere pas. mawa meuntas laoetan, hoekoeman, nangkep roepa roepa register noe ditjangking koe kapala afd. djeung Gewest djeung padjegna.

Hidji boekoe basa Soenda anoe perloe dikanjahokeun koe noe perloe nalingakeun djeung noe ngabogaan bedil, boekoena leutik hargana moerah ngan f 0,35. oerang bisa meuli ka

**Schrijver Kaboepaten Tasikmalaja.**

## PIKIRAN!

tamba balik
teu ngadjingdjing.
Tas komperensi. Tas komperensi!

Teu kinten manghandjakalkeunana ka noe teu soemping. Teu kinten bae! Margina saeutik pisan:

Kempel teu djangkep,
koelantaran
teu aja gamparan!

Engke mah kapajoen, oepami aja deui kempelan ageung teh, ah, gamparan kedah maksakeun, bilih sim koering aja wagelan teu dongkap. Saha noe terang!

Moen teu lepat kapajoen di Tjiandjoer, noen!

**M. G. K.**

Timbang-Windoe 3 Augt. 1926.

## Sakola Mulo di Tasikmalaja.

„Pasoendan" parantos doea kali dina tahoen 1925 sareng tahoen 1926 rekes ka Direktoer Onderwijs njoehoenkeun diwidian ngadegkeun sakola Mulo subsidie di Tasikmalaja, margi di Tasikmalaja teu kinten perloena kedah diajaan sakola Mulo, lantaran seueur pisan ti Tasikmalaja sareng Tjiamis noe njakolakeun ka Mulo di tempat sanes, baba koena di Bandoeng sareng ka pajoen beuki seueur bae noe bade ngalebetkeun ka Mulo boektina dina rekes „Pasoendan" tahoen 1925 langkoeng ti 300 noe masihan tanda kamoepakatan sareng bade ngalebetkeun moerangkalihna ka sakola Mulo subsidie noe bade diadegkeun tea. „Pasoendan" tahoen 1925 keneh kenging waleran ti Departement Onderwijs jen Pasoendan tahoen 1926 moal kenging subsidie pikeun ngadegkeun sakola Mulo di Tasikmalaja, lantaran kirang perloe. Dina tahoen 1926 Sasih Juli noe diwidian ngadegkeun sakola Mulo sareng bade dipaparin subsidie koe Pamarentah, nja eta Indo Europeesch Verbond di Bandoeng sareng Zendingsvereeniging West Java di Bandoeng.

Djadi dina tahoen ieu di Bandoeng ngawoewoehan doea sakola Mulo subsidie nja eta noe I. E. V. sareng noe Zending West Java.

Sanes pisan sirik pidik iren panastren pedah „Pasoendan" teu diwidian njoehoenkeun subsidie anggoeun sakola Mulo di Tasikmalaja ladjeng njarioskeun noe sanes ngan eta bae teu patos kahartos naon margina noe mawi di Bandoeng diwidian ngadegkeun sakola Mulo subsidie, nanging ari di Tasikmalaja henteu, sakitoe di Bandoeng parantos aja doea sakola Mulo Goeperemen. Ngoeping wartos margina I. E. V. ngadegkeun Mulo sorangan di Bandoeng teh nja eta koe margi I. E. V. njepeng Kweek-school subsidie sareng ka pajoen eta Kweekschool pigoeroeeun Walanda teh kedah nampina moerid kaloearan sakola Mulo teu kenging kaloearan ti sakola handap. Masing njebatkeun kitoe kieu oge keukeuh teu kahartos, apan aja sakola Mulo Goeperemen di Bandoeng doegi ka doea, pirakoe di dunja kakoerangan tempat. Eta di sakola Mulo Goeperemen mah henteu dipaksa diadjar basa Inggris, basa Prantjis sareng Djerman ih apan kadjeun teuing teu dipaksa oge kenging bae noe djadi moerid diadjar eta tiloe basa, asal daek djeung kaloega, moeri ina.

Ari Pagoejoeban Zending mah, doeka teu ngoeping pisan wartos, naon maksadna noe mawi ngadegkeun sakola Mulo di Bandoeng.

Roepi-roepina bae, koe margi Pagoejoeban sakola Zending parantos seueur gadoeh sakola handap noe disubsidie, boh sakola H.C.S. boh H I.S. Ieu teu kenging didamel lantaran, margi kaloearan ti sakola Zending ditampi ka sakola Mulo Goeperemen. Eta richtingna di sakola Goeperemen beda.

Doeka beda koemaha da di sakola Kristen noe kenging subsidie oge apan teu dikedahkeun noe djadi moeridna diadjar agama Kristen sareng disakola Goeperemen oge apan dibere waktoe keur baroedak noe daek mah pikeun diadjar agama boh Katholiek boh agama Protestandsch ngan agama Islam henteu. Djadi komo koering mah leuwih teu ngartina teh naon margina Pagoejoeban sakola Zending dipasihan subsidie ngadegkeun sakola di Bandoeng ari „Pasoendan" di Tasikmalaja henteu. Ari dipikir beuki lami beuki ngaraos njeri ati teh, asa dianpirakeun, eta manawi pedah panoehoenna kaloear ti „Pagoejoeban Pasoendan" pagoejoeban oerang Priboemi, noe biko miskin taja pangabisa. Emh katjida teuing.

Ajeuna naon margina noe mawi Pasoendan njoehoenkeun subsidie ngadegkeun Mulo di Tasikmalaja. Kieu margina: Seueur pisan sepoeh-sepoeh ti Priangan Wetan noe njarakolakeun moerangkalihna di tempat sanes, oepamina di Bandoeng noe ngaraos teu kinten beurat ngongkosanana ma'loem di Bandoeng sagala sakitoe marahalna sareng kedah patebih sareng moerangkalihna ditjitjingkeun di Bandoeng mangkaning moerangkalih noe ti sakola handap pindah ka sakola Mulo teh noe gampil pisan kenging bahja noe teu poegoeh katoeroeg toeroeg tjitjing di Bandoeng, kota noe sakitoe ramena tempat anoe loeas loeis noe djadi panggoda gede katjida ka baroedak noe ngangkat beger mah. Sareng seueur deui sepoeh anoe kagoengan poetra di sakola handap noe bade disarakolakeun ka Mulo, oepami di Tasikmalaja aja sakola Mulo, moendoet ka „Pasoendan" soepados Pasoendan ngadegkeun sakola Mulo di Tasikmalaja

Teu kinten „Pasoendan" hojongna njoemponan kana panoendoetna sepoeh sepoeh tea nanging koemaha barang dietang etang piwarngadeunana noe moal tea tiasa oepami henteu kenging subsidie ti Pamarentah mah. Nja noe mawi ladjeng rekes ka Goeperemen njoehoenkeun subsidie anggoeun ngadegkeun sakola Mulo di Tasikmalaja. Kakengingananana nihil, nul, koma, nul (0,000 . . . .) Nja eta dianggap kirang perloe tea, di Bandoeng doea sakola Mulo noe kenging subsidie.

Tahoen ieu 1926 „Pasoendan" babalagondjangan rekes deui ka Departement Onderwijs njoehoenkeun subsidie anggoeun ngadegkeun sakola Mulo di Tasik. Langkoeng ti 400 sepoeh noe ngadeudeul kana ieu rekesna eta sepoeh noe kapajoen bade ngalebetkeun moerang kalihna ka sakola Mulo noe bade diadegkeun tea (oepami, kaoentoen tipoeng katambang beas kitoe soteh . . . . .)

Noe mawi koemawantoen rekes deui soteh, eta bae pedah dina tahoen 1927 Pamarentah ngan bade ngadegkeun doea sakola Mulo sareng bade masihan subsidie ka **opat** sakola Mulo partikoelir, lantaran Pamarentah koe andjeun teu tiasa ngadegkeun sakola Mulo seueur margi kakirangan goeroe pameget, nanging ari pagoejoeban sakola mah sok langkoeng gampil ngilari goeroe sakola Mulo koe margi sok kenging woewoeh gadjihna sareng roepi roepi deui. Ieu aja dina katerangan memorie van toelichting begrooting Onderwijs tahoen 1927. Soegan bae aja koernia noe djadi Pamarentah masihan widi sareng masihan subsidie ngadegkeun sakola Mulo di Tasikmalaja. Sanes pisan „Pasoendan" hajang hajang teuing kana ngagadoehan sakola Mulo, noe tangtos mah matak ngawoewoehan ripoeh bae, ngan ieu mah koe lantaran oerang Priangan Wetan hojong aja sakola Mulo noe tjaket. nja eta di Tasikmalaja.

Djadi oepami Pamarentah dina tahoen 1927 bade ngadegkeun sakola Mulo di Tasikmalaja „Pasoendan" ajeuna keneh bade narik kombali rekesna, lantaran teu pati panoedjoe openbaar onderwijs koedoe kasedekkeun koe bijzonder onderwijs (sakola partikoelir). Eta bilih noe djadi lantaran, Pasoendan pagoejoeban oerang Priboemi, miskin moal koeat ngadegkeun Sakola Mulo. Kantenan bae ari miskinna mah, ngan moal wani wani rekes oepami teu atjan aja piwaragadeunana, djadi ari piongkoseun mah tjekap asal dipaparin subsidie bae koe Pamarentah.

Ngan ngoeping wartos moal kawididian deui bae panoehoenna „Pasoendan" bade ngadegkeun sakola Mulo di Tasikmalaja teh. Nanging ieu waleran teu atjan katampi officieel ti Departement Onderwijs. Sadaja daja njanggakeun ari teu kawidian mah sanes lepat oerang. Namoeng weleh teu kahartina mah! Pasoendan ngadegkeun sakola Mulo Subsidie teh kantenan keur sagala bangsa bae, nanging keukeuh teu diwidian bae, Nja sakieu oge noehoen bae, noehoen!!

**A. a.**

## Kokodjo lid Volksraad.

Oea teh geus kolot, tapi ari ngadonge pergerakan mah resep keneh. Eta roepana geus aja dina getih oea. Selenting bawaning angin kolebat bawaning kilat, meunang bedja ti noe ngaliwat jen boelan October tahoen ieu rek aja pilihan lid Volksraad. Oea teh kolot-kolot oge maksakeun djadi lid Pasoendan, sarta wawoeh ka noe djadi Bestirna. Dalah ka Djoeragan Otto Soebrata oge wawoeh, noe ajeuna djadi President H. B. „Pasoendan" ngalih ka Mester lantaran kapilih djadi Gedeputeerde di Raad Propinsi Pasoendan (West-Java). Oea hajang terang na „Pasoendan bade ngadjagokeun ka Volksraad atawa henteu? Oepama bae bade ngadjagokeun tjing koemaha timbangan tjabang tjabang „Pasoendan" oepama oerang ngadjagokeun President oerang djoeragan Otto Soebrata. Lain oea kokolot begog hajang mapatahan ka noe sedjen, lain pedah oea wawoeh djeung djoeragan Otto Soebrata, oea teh deungeun-deungeun toelen ka Djoeragan Otto, aja soteh kabarajaan oea teh pedah bae oerang teh sasama manoesa, ngan oea teh panoedjoe oepama djoeragan Otto djadi djago „Pasoendan,' pikeun lid Volksraad. Koemaha noe mantak panoedjoena teh, kieu tjoba: Samemeh oerang meunang djago noe aloes teh, oerang neangan heula saha noe daek, saha noe kira-kira njaho kana kaperloean bangsa oerang, saha noe bisa nembongkeun kahajang djeung kaperloean bangsa oerang ka Goeperemen. Siga-sigana djoeragan Otto bisa njoemponan kana bakat bakat di loehoer. Daek koerang koemaha kadaek djoeragan Otto keur djadi Lid Gemeenteraad di Bandoeng, taja beurang taja peuting dipariksa perkara Gemeente naon noe perloe, toer noe djadi Lid Gemeenteraad di Bandoeng boeroehna ngan tjape djeung kesang bae, sakitoe Bandoeng tirisna teh.

Njaho kana kaperloean bangsa oerang djeung njaho kana kahajang bangsa oerang, siga-sigana hese neangan djelema di bangsa Priboemi mah noe siga djoeragan Otto, njaho djeung daek ngoeroeskeunana kaperloean bangsa oerang, asal bae adil noe dipake sabab-sababna.

Bisa nembongkeun atawa menta naon noe dipikahajang koe bangsa oerang? pirakoe teu bisa. Pangartina pikeun kaperloean di Volksraad boh basa Walanda boh perkara noe sedjen asa hese neangan bandingna di oerang Priboemi mah. Poegoeh bae meureun rea noe ngoengkoelan ka djoeragan Otto dina pangartina saperti Dalem-dalem djeung noe baroga pangkat loehoer. Ngan eta da ari noe baroga pangkat mah hese diadjak badamian teh, sok manginoenangkeun ka noe ti l ehoer, djeung era deui di bangsa noe daradjatna sareea djeung oea mah ngomong loma djeung noe aja pangkatan mah. Ari djoeragan Otto oge aja pangkatna mah bareto komis S. S. ajeuna Gedeputeerde, oetoesan meureun tjeuk Soendana mah, da dina Volksalmenak mah diseboetna rengrengan oetoesan noe djadi lid. Gedeputeerde teh.

Poetra Dalem, poetra Dalem djoeragan Otto teh, nja eta poetra Dalem Tjiamis noe pangsioen, tapi dina prak-prakanana teh teu adigoeng teu boga rasa ieu aing poetra Dalem Malah dina koempoelan „Pasoendan" djoeragan Otto moepakat oepama „Pasoendan" moerstel soepaja R. R. 69 alinea panoengtoengan dileungitkeun, nja eta noe njeboetkeun jen ganti dalem di hidji hidji tempat sabisa-bisa koedoe roendajanana dalem noe liren tea oepama aja noe tjakep mah. Oepama noe boga bakat boeboe ngawaregan maneh mah, nja meureun djoeragan Otto noe hajang ngoekoehan hana eta artikel 69 R.R. teh da andjeunna poetra Dalem, tatjan djadi Dalem, pangarti sakitoe mah tjoekoep keur noe djadi Dalem.

Tapi ieu mah henteu, malah anggoer menta dileungitkeun eta artikel R. R. noe ngahalang-halang ka toeroenan somah noe palinter noe tjakep djadi Dalem, keun sina poer djadi Dalem ari tjakep mah, da ajeuna mah djaman somah moerba (democratisch). Noe matak oea mah moepakat oepama djoeragan Otto djadi Lid Volksraad teh. Ngadjak ka sadaja para wargi oerang Priboemi noe djadi lid Raad Kaboepaten sareng Gemeenteraad di West Java (Pasoendan) engke dina milih lid Volksraad titip djoeragan Otto pilih, da andjeunna mah sigana teh geus taja deui padamelanana ngan ngoeroes bangsa pagawean Raad-raad bae, djadi 'rada djadi specialist meureun. Lain oea rek paksa piroesa mah ka para djoeragan kedah milih djoeragan Otto, tebih ti bade papaksa teh, ngan ieu mah oepami bahan katampi. Komo oelah pisan njangka oea rek ngongkos atawa rek soemolendep njampeurkeun ka para djoeragan Edelachtbare lid-lid Raad Kaboepaten sareng lid - lid Gemeenteraad ngitjoek - ngitjoek soepados milih djoeragan Otto, doeh teu pisan-pisan oea mah keur meuli parangko oge hese neangan dooit teh oelah deui keur ngongkos atawa njanjabaan djaoeh. Beurakaja deui itoe di Djawa wetan 20 000 keur ongkos propaganda milih lid Raad Kaboepaten, Ka hidji teu meunang ngongkos teh, ka doea teu boga, teu meunang soteh tjenah teu meunang koe wet, tapi ari mere mah meureun bisa bae da soesoeloempoetan di noe boeni, ngan teu boga oea teh, miskin, kolot.

Ari ngadjak mah wenang, ieu oea ngadjak ka sakabeh djoeragan-djoeragan lid Raad Kaboepaten sareng lid Gemeenteraad di Pasoendan, pilih djoeragan **Otto Koesoema Soebrata**, Gedeputeerde di Raad Propinsi, West Java (Pasoendan) kana **lid Volksraad** dina boelan October 1926

Amin-amin ja roboel 'alamin.

**Oea.**

## Poë Salasa ping 27 Juli 1926 koempoelan di kp. Gardoe di boemi R. H. Oemar Sanoesi noe dibadamikeun nambak Tjitandoej atawa Tjibonte.

Mimiti dawoehan djoeragan Wadana kieu kira-kira, perkara nambak Tjibonte ajeuna baris dikaboelkeun sarta ongkos-ongkos sakabehna kirakira f 4000.— tapi ngan bisa njaian kira-kira 200 baoe pikeun djeung sawah Bandjar mah teu baris njoekoepan.

Ajeuna djoeragan Enoh Arsitek geus manggih pidjalaneun tjai noe njoekoepan pikeun 2000 baoe sawah Bandjar, nja eta lamoen Tjitandoej di dam tea palebah kp. „Sogati" tapi koelantaran Tjibonte pamenta maraneh, djadi 2 prostelan teh baris di sanggakeun bae ka pangagoeng ngan samemeh di tjangkeun menta pirempoeg sarerea lamoen di tjokot sala sahidji oelah rambeuh teuing, naha Tjibonte naha Tjitandoej noe di djieun ti heula??

Tjibonte sawareh Tjitandoej sawareh lain kitoe bae.

Kokolot Balokang oendjoekan, margi andi tetep njoehoenkeun Tjibonte, lantaran nadjan Tjitandoej di taekeun oge, da ari sawah Balokang Rantjapanggang mah anoe moal ka tjaian ti Tjitandoej, malah palebah Rantja panggang mah anoe tangtoe di gali pikeun solokan noe ti Tjitandoej tea, panoehoen abdi Tjibonte ongkoh Tjitandoej oge ongkoh kedah di pidamel!

Dawoehan djoeragan Wadana beu rambeuh teuing ana kitoe mah! djadi tetep bae stem teh Tjibonte Tjitandoej.

Koemargi sim koering ngiring kempelan permios ka djoeragan Wadana bade njarios. Kieu tjarios koering teh. Kapoengkoer koering parantos moerstel njoehoenkeun Tjibonte di tambak kalawan piwarangan Andjeun sarerea, lantaran teu kaemoet Tjitandoej pitiasaeun pikeun di tambak pikeun kaperloean sawah - sawah di Bandjar, oge koering noehoen ka Arandjeun anoe sami boga karep neda di tambak sitoe Tjibonte, tjatjak lamoen teu aja pamenta kitoe tjan poegoeh kapanggih pikeun djalan Tjitandoej di dam ti palebah Sogati, djadi koe sabab ieu koe pamenta koering moegi arandjeun sarerea rempag sadaja Tjitandoej heula bae, margi perloena leuwih gede.

„Ngelehan"

Ladjeng abdi abdi Balokang ngelehan rempoeg Tjitandoej heula bae.

„Sanggeus simkoering"

Koemargi sesepoeh Balokang marios, sanadjan Tjitandoej di dam oge tapi pikeun Balokang Rantja panggang mah moal bisa katjaian ti Tjitandoej eta gampang sanggem simkoering, lamoen engke sadjadina Tjitandoej naek ka Bandjar, Balokang rantja panggang teu bisa meunang tjai, nja oerang poerstel deui pandeuri Tjibonte tea, ngan koering neda rempag andjeun Tjitandoej oerang heulakeun Tjibonte ti pandeuri lamoen kadjadian saperti oendjoekannana sesepoeh Balokang, koemaha moepakat? mangga! mangga! tjindekna moepakat kabeh.

Panoehoen koering ka djoeragan Wadana, pikeun noe midamel ka Tjitandoej teh njoehoenkeun sadjaba ti noe baroga sawah njoehoenkeun

sakoer pendoedoek kedah ngabantoe kana eta padamelan margina kieu: sanadjan teu boga sawah oge bisi ngabarogaan balong balong sanadjan teu boga balong djeung sawah oge, kalahodjalr njeuseuh tah perloe make tjai aja perloe mantoean digawena koemaha djoeragan djoeragan Tiong Hwa sareng djoeragan djoeragan Walanda, hih eta oge perloe ngabantoe, nja meureun artosna! nja ladjeng beres boebarun!!

**Hardioproewito.**

## Kangdjeng Dalem R.A.A.A. Djajadiningrat

(panoetoep)

Ti harita andjeunna teu weleh weleh nitenan djeung naloengtik sagala roepa, noe sakira bakal ngamadjoekeun ka bangsana. Nja kitoe deui koe Pamareutah kawas kaoeninga andjeunna pohara dihargaanana, boektina geuning dina taoen 1902 djadi lid Commissie van advies tina hal ngadjar „doekoen beranak" (vroedvrouw), lid locale djeung Centrale Commissie voor het Welvaarts onderzoek (taoen 190 —1905), taoen 1912 djadi lid Commissie pikeun nga robah kaajaanana sakola-sakola menak (Osvia,s). Ari djadi lid gewestelijke raad di Banten mah geus poegoeh deui.

Ti barang ngadeg Volksraad (taoen 1918). andjeunna teu aja kendatna nepi ka kiwari djadina elid. Dina Volksraad noe mimiti andjeunna djadi onder voorzitter noe kahidji. Di Volksraad andjeunna salawasna aja di hareup.

Biantarana pararenting; lain bae djadi tjitjiren kaoeninga andjeunna, tapi oge lantaran kadjoeroeng koe kanjaah andjeunna kana tanah djeung eusina. Di Volksraad tara teuing bararosen ngadengekeun ka andjeunna, da poegoeh djaba ti jasa ngamamanis djeung ngoejahan tjarita teh, eta deui pamenta andjeunna tina hal roepa-roepa oeroesan Nagara, salawasna noe eujaan parareloena.

Oenggal taoen koedoe bae koe andjeunna ditjaritakeun tina hal tatanen. industrie, irrigatie ngalegaan pangadjaran noe koe andjeunna dianggap pangperloena pikeun ngamadjoekeun rahajat. Eta sababna noe matak dina Volksraad noe mimiti (1918—1921), noe koe andjeunna bajoh bae digoelanggaper nja eta bab nambahan pangadjaran, ari dina tahapan kadoea 1921—1926 (nja eta waktoe koerang doeit), noe dihaber. koe andjeunna ditjaritakeun tina hal kaajaan doeit djeung kahardjaan (financieele en economische toestand). Taoen-taoen ieu nja tina hal welvaartspolitiek. Ti mimiti moela-moela andjeunna nembongkeun kaperloeanana ngajakeun raad kaboepaten djeung raad desa, ngalobaan djeung netepkeun gemeente - gemeente noe laleutik djeung ngaganti sing serwa kabeubeurat desa (desalasten) koe oeroenan doeit Waktoe ngagedekeun kagemian andjeunna pohara teu tjotjogna oepama doeit keur kana irrigatie oerang, landbouwvoorlichtingsdienst djeung visscherij dikoerangan. Oge teu koerang - koerang andjeunna saboediakal njoba - njoba soepaja padjeg oelah beurat teuing. Malah dina taoen 1923 andjeunna njoehoenkeun ka Pamarentah soepaja aja pamariksaan oemoem tina hal padjeg. Andjeunna oge kabenoem kana Commissie sarta toeloej ngadamel Schema noe diwawarkeun dina Indische Courant (West-Java-Editie) kawas moal boa, nja Schema noe dipake panoengtoen kana papariksaanana hal padjeg noe didjalankeun koe toean Meijer Ranneft djeung Huender. Beubeunangan papariksaan njotjogan pisan kana noe sok ditjaritakeun koe Kangdjeng Batawi djeung Pamarentah moerstel dina taoen 1927 padjeg konde (hoofdgeld) dileungitkeun.

Dina algemeene beschouwing taoen ieu di Volksraad andjeunna lain bae ngareret ka toekang ngotektak loeang, tapi oge neuleu kahareup sarta njoe-


**Inlandsche tabak. Hollandsche en Inlandsche Sigaren en Sigarettenhandel.**

2467  1916



**Tan Sian Hoay „TOKO TJAP KIPAS" Tasikmalaja.**

| | |
|---|---|
| Seroetoe Fabriek Mignot & de Block | |
| La Semeuse Fleur de Londres isi 10 bidji | f. 3.— |
| Seroetoe Fabriek G. Ribbius Peletier Jr. | |
| El Combate isi 25 bidji | f. 4 50 |
| Santa Isabel Perfectos isi 50 bidji | „ 6 25 |
| Jong Ladies isi 50 bidji | „ 3.25 |
| Seroetoe Fabriek N. V. Karel I.: | |
| Karel I Lovely isi 25 bidji | f 5,— |
| Karel I Special „ 50 „ | „ 7 50 |
| Karel I Superior „ 50 „ | „ 6,50 |
| Karel I Vorstenlanden isi 50 bidji | „ 6.50 |
| Karel I Vorstenlanden Prima isi 50 bidji | „ 6,— |
| Karel I Delgado isi 50 bidji | „ 5,50 |
| Seroetoe Fabriek A. Hillen's: | |
| Ameropa isi 50 bidji | f 5 50 |
| Zee Post „ 50 „ | „ 3,75 |
| Seroetoe Fabrik N. V. Houbaer & Co. Holland: | |
| Sopla per pak 4 bidji | f 0,10 |
| Seroetoe Fabriek Wascana Holland: | |
| Wascana Havana's isi 50 bidji | „ 6, |
| Wascana Elgantes „ 50 „ | „ 6,— |
| Wascana Conchitas „ 50 „ | „ 4.50 |
| Wascana No. 6 „ 50 „ | „ 4,— |
| Seroetoe La Insular Manila: | |
| La Insular Manila Habano Extra isi 50 bidji | f 4,— |
| La Insular Manila Cortado Extra „ 50 „ | „ 4.— |
| La Insular Manila 4a Cortado Extra isi 50 bidji | „ 2,50 |
| Seroetoe Fabriek B. van Der Tak & Co: | |
| Minutes isi 50 bidji | f 2,25 |
| Taksies „ 50 „ dalem blik boender | „ 1,75 |
| Seroetoe Fabriek N. V. Negresco Djokjakarta: | |
| Negresco Grand Prix isi 50 bidji | f 5,— |
| Negresco Jockey Club „ 50 „ | „ 4 50 |
| Negresco Montana (Sultana) isi 50 bidji | „ 4.— |
| Negresco Tropicas isi 50 bidji | „ 2 75 |
| Negresco Wedono „ 50 „ | „ 2,25 |
| Negresco Anak mas „ 50 „ | „ 2,25 |
| Negresco Havana's „ 50 „ | „ 2,— |
| Negresco Matador model Prem isi 100 bidji | „ 3,— |
| Negresco Opera's isi 10 bidji dalem blik | „ 0 50 |
| Seroetoe Adinda (Gantinja Indiana). | |
| Adinda Oricone isi 25 bidji | f 2.25 |
| Adinda Sultanes „ 50 „ | „ 4,— |
| Adinda Canada „ 50 „ | „ 2.— |
| Adinda Minerva „ 50 „ | „ 1,50 |
| Sigaret Abdulla. Jang soeda terkenal: | |
| Abdulla No. 11 isi 50 bidji dalem blik boender | f 2.50 |
| Abdulla „ 18 „ 50 „ | „ 2,25 |
| Abdulla „ 16 „ 50 „ | „ 1,80 |
| Abdulla „ 87 „ 50 „ | „ [illegible],40 |
| Abdulla „ 80 „ 50 „ | „ 1,25 |
| Abdulla „ 70 „ 50 „ | „ 1,10 |

Dan sedia djoega Spede merk WANDERER 5 7. à f 165.—



**PIRELLI AUTO BANDEN**
**(Fabriek ITALIE)**

Agentschap Afdeeling Tasikmalaja.

**YO TEK SENG**

Telefoon 70.

Sekarang kita bisa tawarken pada Toean², dari satoe matjem band - auto merk Pirelli, jang soeda termashoer dari ia poenja koewat dan awet dipakenja. Di Negri ITALIE, ampir semoea orang jang mempoenjai auto tida soeka pake lain merk, selainnja dari merk Pirelli.

Satoe kaoentoengan besar boeat Toean-toean jang mempoenjai auto atawa vracht-auto kapan pake band auto merk Pirelli.

Djikaloe nomor² jang Toean² minta kabetoelan kita tida sedia, kita bisa kasi dateng didalem tempo sedikit hari, sebab kita bisa dapet bantoean dari Toko di Batavia, Soerabaja, dan Singapore.



**OEIJ HAN LIE**

Singaparnaweg 91.

Tasikmalaja.

Autoverhuurdrij & Batikhandel.

Tiasa kenging njewa oto sareng ngagaleuh batik-batik noe sarae sareng tiasa oge pikeun noe keur itjaleun deui (kodi-kodian) ti noe mirah dongkip ka noe pang saena, noe seueurna batik Tasikmalaja. Anoe tebih kenging pesen koe serat asal tiasa nampi Rembours, noe teu ka manah tiasa diwangsoelkeun deui!



**Schoenmakerij en Kleermakerij „Malah Mardar"**

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.

| | |
|---|---|
| Toedoeng Panama | |
| noedidamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djaksi | f 2,50 |
| strobin (pamoelasna) | f 0,25 |



**DOCTOR SOEKARDJO**

**Heerenstraat No. 18**

**(Poengkoereun Masdjid)**

Nampi tamoe oenggal dinten.



**Toko SOENDA**

**TASIKMALAJA.**

Telefoon-No. 56

Ngawitan dina ping 20 Maart parantos disajagikeun roepi roepi sepatoe, slop sandel, troempah, anoe didamel tina Crepe rubber, oepami anoe tebih kenging pesen koe serat asal disebat nomerna, doepi kakiatanana teu kantos dipoedji deui, margi parantos pada oeninga.



**Doekoen beranak particulier**

**Nji R. Noerkati.**

Singaparna :—: Tjiamis.

Noeloeng ka anoe bade babar di lebet atanapi di loear kota. Nampi panjaoer ka anoe tebih-tebih, tiasa ngoeroes di boemi anoe teu damang atanapi noe babar, sae badanten heula.

Noe ngantos.



**Dr. Tan TJOEN HAIJ**

**ARTS.**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina Dir. Dr. Sa'eh Marhoem

**Waktosna.**

**Endjing-endjing 7-9**

**sonten 4-5**



FROM

**TABIB FAZAL MOHAMAD**

**HINDOESTAN'S MEDICINE SHOP**

**TJIHIDEUNG No. 14 TASIKMALAJA.**

VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibolek (operatie). Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu di belek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung banggana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer

**H. A. Cartobie,**

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:
Dari; Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap.
Toean Moh. Bawasir Tjilatjap
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroean Delangoe Djokja
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoeg Garoet



**SIK DJOEN KWAN**

**TOEKANG GIGI**

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu saaaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajouna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanteu aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe. oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,

**SIK DJOEN KWAN**

Sarimbit.


Z. O. Z.

hoenkeun ka pamarentah soepaja aja pamariksaan noe matoeh pikeun nalingakeun karahardjaan nagara.

Padamelan kangdjeng Batawi di Volksraad lain bae loba, tapi djeung warna-warna deui. Taja petana bisa ditjaritakeun kabeh di dieu. Ngan perloe ditjaritakeun andjeunna geus moendoet ka nationalisten nonoman nonoman soepaja babarengan digawe djeung Pamarentah tina noeroetkeun timbangan andjeunna gede gawena pikeun bangsa priboemi, digawe dina badan-badan wawakil (vertegenwoordigende lichamen: raad Kaboepaten, gemeenteraad, Prov. raad djeung Volksraad).

Sanadjan koe sawareh tangan-tangan pamarentah radjeun oge Kangdjeng Batawi dihalang-halang dina damelna, tapi teu weleh koe Pamarentah djasa djeung damel andjeunna dihargaanana.

Geuning dina taoen 1907, dipasihan titel **Aria**, taoen 1909 titel **Adipati**, taoen 1921 diangkat djadi **Officier** orde Oranje - Nassau; dina taoen 1924 kenging hak nganggo „**gele songsong**". Lain bae koe Pamarentah dihormatna, tapi boekti dina waktoe andjeunna djedjeg ngasta kaboepatian 25 taoen, oge koe bangsana.

### Dina Sip. No. 43. t. III.

Katjida matak bingahna. boenga! ngang sagoenging awang awang, ni! ngai eusina Sipatahoenan, ngembang boled kabinangkitanana bangsa oe; rang.

Komo oepami ningal kabinangkitan djoeragan H. Poerwito. Bawaning koe ring panoedjoe kana angka hidji, ang ka 9 sareng enol, waui hajang nam! bihan kieu.

3 × 37 = 111
11 × 91 = 1001
1001 × 111 = 111111
3 × 7 × 11 × 13 × 37 = 111111
5 = Pantja tengah.

```
 8   1   6
  \  |  /
 3 — 5 — 7
  /  |  \
 4   9   2
```

Madhabna 6 (koelon, kaler, wetan, kidoel djeung 2 djoengdjang).

Oenggal madhab djoemblahna 15; 1 + 5 = 6.

Djadjaranana aja 6 djadjar; oeng: gal djadjar djoemblahna 15; 1 + 5 = 6

Aja deui noe moentir tjara sipatna tjai. Tjai hoedjan toeroen ka handap, geus di handap **ngadiadi saab** saab kabawa koe hawa naek ka loehoer, geus koempoel di loehoer, balik deui ngadjadi hoedjan.

Angka oge aja noe djiga kitoe: 142857.

2 × 142857 = 285714
3 × 142857 = 428571
4 × 142857 = 571428
6 × 142857 = 857142

Boelak balik . . . . 'dekok.

Toengtoengna 7 × 142857 + 1 = 1000000

6 dinten boelak balik

Dinten ka 7 njampeur Ana djadi Ana + soewoeng. 6

———

Hidji oerang Eropa noe amengan dina **wiwitan** aksara, kieu saoerna:

„Lamoen andjeun Islam, wadjib koedoe salat lima waktoe; sabab Islam teh doemadi dina waktoe noe lima tea.

I. Doemadi dina waktoe Isa.
S. „ „ „ Soeboeh.
L. „ „ „ Lohor.
A. „ „ „ Asar.
M. „ „ „ Magrib.

———

Hidji oelama **Soenda** njaoerkeun kieu Pareleua aksara Arab alif, **ba**. Sakabehna aksara tea kawengkoe koe wiwitan djeung **wekasan**.

Oepamina aksara wiwitan djeung wekasan alif djeung ja = a . . . . ja = woedjoed.

———

Tah oepami ieu kaoelinan katampi koering noda oepah' oepalma, banget njoehoenkeun pitoeloeng ka djoeragan H. Proewito, hajang eusina noe di handap ieu, sanes naros loeloetjon atanapi njolokan estoe toemaros lir goegoeroe:

1. Adam = Athama, naon soendana? Koemaha sipatna? Di mana ajana? Koemaha sadjarahna?

2. Hawa; naon noe diseboet hawa teh, naha hawa napsoe? Atanapi hawa noe aja di saboedeur oerang, noe sok dipake ngeusian **ban** kareta mesin?

3. Kosong = soewoeng, noe koemaha noe diseboet soewoeng? Naha dina lolowong antara djelema sareng djelema, antara imah sareng imah, dina liang ali, . . . . . kenging disebat soewoeng?

Tempat-tempat noe eusina ngan hawa woengkoel, sapertos dina ban kareta mesin, kenging disebat soewoeng?

4. Koemaha biroepna orok waktoe dibobotkeun, parantos dibarengan koe hawa atanapi henteu?

5. Tjek pangobosan, wajang hiroepna dina kelir, manoesa kokodjajan dina sagarana; naha noe disebat sagaraning manoesa teh hawa atanapi soewoeng?

6. Boeah koldi = kaholodi.

Naon noe disebat boeah koldi teh? Naon eusina toeaug boeah koldi?

Bandoeng.

## KABAR.

**(keur noe teu matja s. k. Walanda).**

Doea toekang potret di Batawi mikeun potret-potret reserse Priboemi ka Kaom Kapinis. Potret-potret kasoesoel di hidji Kapinis di Gang tengah. Toekang potret tea dilepas.

—o—

Hidji hoepmandor di **Tegal** ngasoet lima pamili soepaja oelah daek digawe keur bangsa Eropa. Pagawe-pagawe pabrik goela Pagongan djeung Adiwerna dipaksa sarta diantjam koe peso oepama daraek digawe. Veldpoelisi djeung poelisi oemoem njaram kana eta kalakoean tapi henteu digoegoe toelcej djelema teh dibedil doea kali kana soekoena. Ti dinja dibedil sakali deui **Opat** noe maot hidji noe tatoe parna.

—o—

G. G. tanggal 1 Augustus moeka tentoonstelling mobil di dierentuin Batawi.

—o—

Pagoejoeban Hoogere Ambtenaren kaloear ti Centrale Ambtenaren noeroetkeun poetoesan algemeene vergadering taoenan di Bandoeng.

—o—

Goepernoer Hillen moeka 40 imah Indisch Bronbeek di Mester-Cornelis. Imah-imahna araloes katendjona.

—o—

Waktoe Cobhan hidji toekang kapal terbang (vliegenier) Inggris datang ka Soerabaja, marine di Soerabaja, ngan njadiakeun tempat keur oerang Inggris noe aja di Soerabaja bae, ari keur Walanda mah henteu disadiakeun tempat, nepi ka koedoe mojan ngentrak di noe katjida panasna. Barang Walanda-Walanda arambek gegeleudeng lantaran di tempat keur oerang Inggris tea henteu saoaraba rea djelema kakara ngajakeun tempat keur Walanda teu make korsi teu naon. (Katjida teuing bet sok kitoe! Corr.)

—o—

Harga kartoe pos keur djero nagara di Nederland djeung ongkos expres dina boelan October rek ditoeroenkeun.

—o—

Dr. Berlage dibenoem djadi lid Jury pikeun njieun gambar gedong Volkenbond.

—o—

Di. Gelderland aja Comite provincie pikeun noeloeng katjilakaan di Soematra Koelon. Ieu Comite rek ngoempoelkeun doeit. Mr. Graaf van Limburg Stirum djeung Jhr. Mr. De Graeff G. G. Hindia anjar djadi lid Comite kahormatan.

Ti Barcelona aja kabar jen Primo de Rivera President Directoire di Spanje rek aja noe maehan.

Primo keur toempak mobil aja noe ngaloengan pesc blati, hadena Primo henteu keuna. Noe rek maehan tea ditangkep.

—o—

Noe maot koe angin topan di Amerika Sarikat aja 160. Djelema noe leungit aja 400. Kapal noe titeuleum 100. Noe titeuleum di palaboean aja 60 kapal. Karoegian barang-barang aja 8 malion dollar. 80 kapal noe ngala kembang karang (spons) titeuleum sarta djelemaanana siga mah marat.

—o—

10 Djelema ditangkep lantaran mere inoeman keras palsoe noe aja ratjoenan nepi ka di Ontario (Canada Amerika) rea noe maot. Poelisi meunang katerangan eta inoeman asalna ti Djerman.

—o—

Goenoeng **Batoer** di Bali bitoe lavana ngotjor ka beurah koelon. Ba toe djeung leboe kasebrotkeun, kawah ka loehoer. Djelema-djelema noe deukeut ka dinja henteu rareuwaseun sarta geus taki-taki bakal loempat oepama perloe.


**TOKO**
**Universeel Agentschap**
# NIC MULLER
**TASIKMALAJA**
**Goenoengladoe No. 15**
Telefoon No. 26.

Ngitjal sagala roepi landong patent Pilandongeun (Chemicalien).
Anggoer obat.
Roepi-roepi kembang goela.
Roko -Soeroetoe—Sigaret.
Tjelep (sipoehan) roepi-roepi.
Ngilari di tempat ageng **Agent** noe bade ngadjoeal obat-obat, sareng djelema noe nanggoeng ngoeriling dagang obat.
Noe moendoet prijscourant dikintoen gratis.

Hoermatna
**Nic. MULLER.**

**BAROE TRIMA.**

Roepa-roepa sigaren: Karel I, Felucca Moortjes, meropo, Delftsche Post. Digonetten, Abdulla, Clysma, Telucia Maspero, dan Kyriasi.

Roepa-roepa sort, malaga etc.

Katjamata-katjamata mas, nikkel, double

**Preanger Chemicaliën Handel**
**TASIKMALAJA.**

**Wawatjan Kang Hajani**
(Malati di kota Padang)

Karangan Boedjanggu Soenda moal aja noe bireuk ka Djoerg. Mangoen Dikaria. Basa sareng eusi maroenel lalimit beresih, tjarios beh dieu pisan di Padang. Pangaos f 0.50 kenging ti

TOKO PASOENDAN
Tasikmalaja.

N. B. Noe ngagaleuh kontan, 10 boekoe doegi ka 19 a f 0.45
20 „ „ 29 a f 0.40
Djabi ongkos.

—:o:—

Padjengkeun ECONOMIE oerang, garaleuhan tinoenan Soekasoekoer, sapertos:
Pidjaseun serbet, taplak, saroeng, andoek sareng roa-roa deui. . wet, ki at, mirah, sareng . . . wah nationalistisch, tjenah kapan!!

**TOKO PASOENDAN**
**Tasikmalaja.**

**Maoe didjoeal.**

Satoe gedong atep genteng dan bilik tembok, pekarangan dan sedia tempat mobil, kamer mandi waterleideng compleet.
Lebar 62 bata di kampoeng Tawangkoelon No. 34 dapat sewaan f 60.— seboelan. Boleh periksa dan berdami harga sama.

**Atme Soedirdja**

Djadjawaj No. 7 gang 3 Station Tasikmalaja.

**TEGELFABRIEK**
## „NAJA"
Ajeuna di djalan Tjieunteung tilas H. I. S. Pasoendan

Nampi pesenan roepi - roepi tegel, damelan sae ditanggel sareng mirah. Pertjontoan dikintoen pertjoemah, mangga maroendoet sareng tingalian.

Directeur.

## AWAS!!

Masing emoet, ka Bibliotheek „SINAR KAMADJOEAN". Salamina NJAJAGIKEUN roepi-roepi BOEKOE 'aoseun pikeun TAMBOETEUN sareng GALEUHEUN, anoe SAE, anoe LOETJOE, anoe RAME anoe dipikaresep koe Djaman ajeuna.

Mangga soemping! tjobian bae houla!!

## Waroeng „PERLOE"
di LENGKONG.

Sajagi sagala roepi kaperloean sadidiuten.
Sanaos waroeng alit, nanging pangaos sami sareng toko agong.
Diboeka oenggal dinten ti taboeh 7—1 sareng ti taboeh 3—8 sonten.

**Roekanta.**

TOKO BOEKOE
# M. I. Prawira - Winata.
**Katja - katja Wetan No. 132 - Bandoeng.**

Parantos kaloear! — Parantos kaloear!
## Wawatjan Sadjarah Ambia.
**DJILID KA I.**
Pangaos ketjeran:
Di Toko f 1.— Franco di Post f 1.15 Rembours f 1.65
Oepami ngintoen artos ti pajoen (timpah), satamatna (7 djilid) pangaosna moeng Franco di Post f 3.50 Franco di Post.
Poendoet serat iderannana noe langkoeng paos.

**TOKO BOEKOE**
# M. I. PRAWIRA-WINATA
*KATJA - KATJA WETAN No. 132 BANDOENG.*

Nembe pisan parantosna! Nembe pisan parantosna!
## Wawatjan Saijidina Amir Hamzah.
DJILID ka I
Pangaos di Toko f 1.— Franco di Post f 1.15. Rembours f 1.65
Ieu wawatjan njamoeng kana perkawis:
Loeloehoer K. N. Moehammad s. a. w. sadjarah (babad).
Tanah Soetji sareng Agama djaman harita.
Eta margina, anoe mawi ieu wawatjan dianggap barang karamat.
Poendoet serat iderannana noe langkoeng paos.

## Awas, moesim panas parantos doengkap!

Istri pameget kedah atos-atos margi kasehatan gampil kaganggoe. Djagi leres-leres kasehatan djoeragan soepados tetep seger.

Hidji koeeh tina;

Tipoeng Hoenkwe Tjap Kembang
(Damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan Halte Tjitjoeroek)

Anggoeun ngopi atanapi ngeteh waktos tengah dinten djadi landong babakoena kana nolak hawa awon dina moesim ajeuna ngadjadikeun salira tambah seger, ngaleungitkeun hojong bae ngarot sareng ninggalkeun raos noe katjida ni'matna.

**Seungit, raos sareng tiis!!!**

· Didjoeal dimana-mana.
Pangaos sapak f 0.25. Pesenan paling saeutik 15 pak. Anggoeun djoealeun deui paling saeutik 100 pak kenging langkoeng mirah pisan.
Atoeran ngangggona dikintoen ka soegi noe moendoet.
Tipoeng Hoenkwe Fabrik Tjap Kembang.

**Tjoa Tjoen Goan Tjitjoeroek.**

Gratis.
Tjobi ngintoen adres djoeragan noe tetela sareng parangko *tiloe benggolcun engke dikintoen sapak. „Katoeangan noe dipikaresep koe sagala bangsa".*

# TOKO BOEKOE WEBER.

Noe nawis di handap ieu hatoer oeninga ka para Djoeragan, reh toko boekoe L. A. LEZER ajeuna parantos dilijal ka H. E. TAYLOR WEBER.
Doepi toko boekoe L. A. LEZER oge tetep bae di Tasikmalaja, nja eta di Tjiromban steeg, sareng noe sajagi di dinja moeng boekoe-boekoe kaperloean bangsa priboemi, soemawonna karangan - karangan L. A. LEZER pribados, sapertos noe disebat dina prijscourant noe ka poengkoer. Malah ajeuna parantos ditambihan deui koe boekoe „Empat Bahasa Hindia" tea, nja eta katerangananana kenging dipoendoet. dikintoen gratis.
Anoe bade ngagaleuh barang-barang anoe sanes. ti ajeuna kedah dipesen ka:
Toko boekoe W E B E R. Djalan station No. 1: Telefoon No. 13. Tasikmalaja.

Baktosna
**L. A. LEZER.**
**H. E. TAYLOR WEBER.**

**Advertentie (reclame) = njieun doeit.**